



REPIBLIK AYITI  
*AKADEMI KREYÒL AYISYEN*

---

**Selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang Matènèl**  
21 fevriye 2016

**Rapò Aktivite a**

**Objektif :**

- ✓ Selebre Jounen Entènasyonal Lang Manman
- ✓ Anime konferans / deba sou Dwa lengwistik ak kiltirèl tout Ayisyen ak sou enpòtans lang matènèl nan devlopman ak nan aprantisay lekòl
- ✓ Lanse Karavàn Nasyonal Akademi Kreyòl Ayisyen nan vil Gonayiv

**Tèm** « **Lang nou se nou, pa gen sitwayen san lang** »

Soti 14 rive 21 fevriye, Akademi Kreyòl Ayisyen an nan tèt kole ak patnè li yo tankou : UNESCO, Biwo Nasyonal Etnoloji (BNE), Direksyon Nasyonal Liv (DNL), te selebre an gran ponp **Jounen Entènasyonal Lang Matènèl** nan vil Gonayiv ak konkou Lameri Gonayiv.

Pandan tout semèn nan, manm Akademi Kreyòl Ayisyen te pase nan radyo ak televizyon pou sansibilize popilasyon an sou enpòtans jounen sa a epi fè pwomosyon pou lang kreyòl la. Nan CLAC yo, te gen aktivite kiltirèl ak eskpozisyon liv kreyòl. AKA te bay de (2) konferans pou laprès : yonn nan vil Gonayiv jou 18 fevriye, ak yon lòt nan vil Pòtoprens nan DNL, jou 20 fevriye a.

Selebrasyon ofisyèl la te fèt nan vil Gonayiv, site Endepandans peyi d Ayiti a. Te gen ekspozisyon liv kreyòl, konferans deba nan lekòl Dwa Gonayiv la epi nan lise Fabre Geffrard. Dimanch 21 fevriye a menm, te gen gwo koudjay kiltirèl sou plas Gonayiv la. Prezidan KAD la ak Reprezantan UNESCO a, mete ak lòt otorite nan vil la te delivre yon mesaj bay popilasyon an. Apre diskou yo, se te gwoup rasin, cho tanbou, gwoup akapela, nan yon kokennchenn manifestasyon kiltirèl. Plis pase demil (2000) moun te deplase pou vin asiste gwo evènman sa a. Akademi an tou pwofite lanse « Karavàn Nasyonal » la ki gen pou tèm: « *Defans ak pwomosyon* »

*lang kreyòl, Dwa lengwistik ak kiltirèl an Ayiti* ». Akademi an gen pou li mache nan dis (10) departman peyi a pou chita pale, braselide ak tout kouch nan popilasyon an. Karavàn sa a ap pèmèt AKA ranpli prensipal misyon li ki se fè pwomosyon lang kreyòl, dwa lengwistik ak kiltirèl tout Ayisyen.

## **Rapò aktivite 2 jounen selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang**

### **Dewoulman premye Jounen an (samdi 20 fevriye)**

- A 7è nan maten, ekip la kite biwo AKA / Pòtoprens pou li ale Gonayiv.

Vè 11è ekip AKA a te rive Gonayiv, nan Otèl « Le Domaine », kote li te dejene epi antre danble nan aktivite yo. Bò 12è30 espozisyon liv ak dokiman kreyòl te déjà lanse nan lokal fakilte dwa gonayiv la. Madam Derlie Celestin ak Madam Rodline Chery te pran chaj espozisyon an.

Bò 4è konferans/deba te kòmanse nan sal konferans fakilte dwa a. Pwofesè Martineau Nelson, Akademisyen Pauris Jean Baptiste ak Rogéda Dorcé Dorcil ansanm ak Dwayen Daniel Dupiton te mennen deba yo. Anviwon yo santèn etidyan ak pwofesè te patisipe nan deba yo.

Vè 7è nan aswè ekip la te retounen nan otèl la, li te fè yon ti rezime jounen an epi li te planifye epi kase randevou pou dimanch maten 21 fevriye pou yon lòt konferans nan lokal Lise Fab Jefra ak gwo aktivite nan dimanch swa sou plas dam Gonayiv la.

### **Dewoulman dezyèm Jounen an (dimanch 22 fevriye)**

Dimanch maten, 21 fevriye 2016, depi bò 7è nan maten ekip la te déjà sou de (2) pye militè li. Tousuit apre dejene li te pran wout ale nan lise Fab Jefra pou yon jounen byen chaje avèk espozisyon / vant liv ak dokiman kreyòl ; dine avèk majistra vil Gonayiv ; koudjay kiltirèl sou plas dam Gonayiv nan apremidi. Nan lise Fab Jefra, Madam Derlie Celestin ak ekip li te gentan enstale tout dokiman/liv pou espozisyon yo depi bò 10è. Edisyon Inivèsite Leta a, Edisyon Inivèsite Karayib ak SAKS te reponn prezan yo menm tou ak tab espozisyon/vant pa yo.

Pwofesè ak elèv lise a te kontan konsilte epi achte dokiman ak liv kreyòl ki te gen nan espozisyon sa a.

Bò 11è konferansye yo, Mesye Pauris Jean Baptiste, Madam Jocelyne Trouillot, Mesye Rogéda Dorcé Dorcil, Mesye Pierre Michel Chery, Mesye Gerard Marie Tardieu ak Mesye Harry Régis te lanse konferans/deba a ki t a pral dewoule nan 2 tan. Konferansye yo te koumanse ak yon gwoup patisipan ki te rive bò 11è epi yon lòt gwoup ki te vini bò 1è.

Vè 2è30 ekip AKA te ale lameri kote li te reponn ak envitasyon majistra vil la ki te envite AKA pou dine ak ekip meri a. Reprezantan UNESCO a an Ayiti, Mesye Paul Gomis, Akademisyen, ekip Sekretarya AKA a ak manm meri Gonayiv la te patisipe nan dine sa a ki te dewoule nan yon anbyans fèt. Apre ekip AKA a te fin pran foto ak Majistra ak kèk manm nan ekip li, li te retounen nan otèl la pou planifye aktivite kiltirèl li t a pral genyen nan pita sou plas dam Gonayiv la.

Vè 4è30 tout ekip AKA a te sou plas la pou tanmen aktivite yo. Li te pran titan pou aktivite yo te koumanse espesyalman pou AKA te tann tout entèvenan yo rive. Se konsa, nan yon titan apre, majistra vil la te vin vini e li te tou lanse aktivite a. Pwogram lan te dewoule trè byen e tout gwoup yo te montre yo alawotè. Piblik la, ki te plis pase demil (2000) moun te montre li satisfè e se avèk yon kè sere AKA te oblije mande gwoup rasin Chouk Bwa Libète pou li te jwe dènye mizik li bò 9è45 nan aswè.

Ekip la te kite Gonayiv nan lendi maten 22 fevriye 2016 pou antre Pòtoprens.

### **Enfòmasyon enpòtan :**

- Majistra Gonayiv la, Mesye Jean-Robert Louidor, pwopoze pou li ede AKA jwenn yon 2 kawo tè nan Gonayiv. Sekretè Ekzekitif la panse AKA ka fè yon kanmpous nan zòn nan. SE a deja ekri yon lèt pou mande ofisyèlman 2 kawo tè sa a.
- RTNH te kouvri tout evenman an nan Gonayiv

### Entèvansyon yo te de chita sou pwèn sa yo:

- Definisyon “Lang matènèl”
- Ki plas, ki fonksyon lang matènèl nan lavi yon moun, ak nan kominote a ? ;
- Enpòtans lang kreyòl nan fonksyonman ak devlopman sosyete ayisyen an ?
- Ki wòl kreyòl la ta dwe jwe nan pwosesis aprantisaj timoun nan lekòl ?

### Kèk kesyon enpòtan yo te poze :

- Mankman pwodiksyon teknik tankou diskyonè lang kreyòl,
- Itilizasyon lang kreyòl nan diskou otorite nan leta,
- Itilizasyon lang kreyòl nan travay akademik yo tankou memwa etidyan,
- Plas kreyòl nan lekòl,
- Kondisyon pou yon moun vin akademisyen,
- Ki Reyalizasyon ak ki pwojè AKA,
- Kreyòl pale men kreyòl pa toujou ekri nan administrasyon piblik la, sa ki ap fèt ?

### Difikilte

Difikilte	Kisa ki fèt	Pwopozisyon
Aka pa gen sistèm son. Menm pou konferans yo li pa genyen. Sa fè li peye anpil lajan pou sa	Aka peye fè son.	AKA dwe gen pwòp sistèm son pa li. AKA ka itilize li pou konferans yo e pou fè mizik avan konferans yo.
Aka gen yon sèl kamera ki sèvi pou foto ak videyo. Sa fè li rate okazyon pou fè bèl repòtaj.	Teknisyen yo fè kèk foto Teknisyen yo pran ti moso nan kèk entèvansyon sou videyo.	AKA dwe gen kamera videyo pa li ak tout kameramann ki travay pou li.
Kat memwa kamera a te manke kapasite.	Teknisyen yo (Mesye Emmanuel Lafalaise ak Mesye Herold Joseph) te achte ak lajan nan pòch yo yon ti kat memwa pou kouvri evènman an.	AKA dwe genyen yon kat memwa ki gen gwo kapasite. DK a ap fè demach pou sa.

Se ak anpil kè kontan otorite ak notab nan vil Gonayiv te resevwa aktivite sa a. Patisipasyon gran piblik la ki te fè deplasman pou vin patisipe nan tout aktivite sa yo te pèmèt AKA rive reyalize yon bèl selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang Matènèl nan vil Gonayiv. Ekip AKA a te remèsye tout moun nan komite sipò lokal la pou akèy ak kolaborasyon yo.

## Aktivite kominikasyon soti 14 rive 21 fevriye 2016

Deskripsyon	Medya	Sa ki te byen mache	Sa ki dwe amelyore
Patisipasyon Akad. Wilner Dorlus nan emisyon Panel Magic	Magic 9	DK a pat gen okenn pwoblèm pou li te fè planifikasyon pou Akademisyen an te patisipe nan emisyon an. Jounalis la te resevwa Akademisyen an an direk nan emisyon an.	Tout bagay te byen pase. Men yon lòt fwa, DK a ap mande pou Akademisyen an ta gen plis tan pou entèvansyon an.
Patisipasyon Akad. Pierre Michel Chéry ak Mesye Martineau Nelson (Direktè Syantifik AKA a) nan emisyon KALFOU.	RTGinen	Konpè Filo, Animatè emisyon an te resevwa entèvenan yo ak anpil kontantman. Li di li ap tann Prezidan KAD nan yon lòt emisyon KALFOU.  Emisyon an te pase nan lasware menm jou a.	Akademisyen an ak DS la fè de ( 2) vwayaj paske Animatè a te gen yon obligasyon ki te fè li pat kapab rive a lè nan premye jou a.  Dezyèm jou a, Entèvenan yo te rete tann anpil tan (plis pase inèdtan) anvan animatè a resevwa yo. DK a te jennen anpil pou sa. DK ap planifye ak direksyon medya yo pi byen pou evite pèsonalite tankou Akademisyen yo rete twòp chita tann nan sal datant.
Patisipasyon Prezidan KAD la , Past Pauris Jn Baptiste ak Akad. P. Michel Chéry nan emisyon « Invité du Jour ».	RTNH	Tout planifikasyon yo te fèt nan lè yo ta dwe fèt.  Emisyon an te pase nan lasware menm jou a.	Entèvenan yo te rete tann anpil (plis pase inèdtan) akòz chèf pwodiksyon TNH la ki te tonbe malad menm jou a nan biwo li.
Patisipasyon Akad, Gerard Marie Tardieu nan emisyon Solèy Kiskeya	Radyo- Tele Kiskeya	Mm Jean Gilles, animatris emisyon an te resevwa Akademisyen an avèk anpil koutwazi. Emisyon an te fèt ak li menm sèlman.	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Mesye Eroid Josué te dwe patisipe ak Akademisyen an nan emisyon an. Animatris la te rele nan biwo a menm jou emisyon an pou li di li pa kapab resevwa direktè BNE a san li pa di poukisa.</li> <li>- DK a ekri Direktè BNE yon imel pou eskize Akademi an.</li> </ul>
Patisipasyon Akad. Mm Adeline Chancy ak Mm Lucka J. Beauvil nan emisyon « Le Point »	Radyo- Tele Metwopòl	M. Wendell Théodore te resevwa Akademi an avèk anpil chalè. Emisyon an te pase an dirèk ; Gen anpil telespektatè ki fè kòmantè sou emisyon an. DK a poste emisyon sa a sou kont facebook AKA.	

<p>Konferans pou laprès nan Pòtoprens jou ki te 19 fevriye 2016.</p> <p>Te genyen twa entèvenan :</p> <p>-Prezidan Jean Pauris Jn Baptiste ki te bay mesaj pou sikonstans lan ;</p> <p>-Mm Luna Gourgue ki te pale sou pwogram selebrasyon an ;</p> <p>-M. Paulémon Wilson ki te pale sou aktivite DNL ak patisipasyon CLAC* yo.</p>	<p>-Tele Radyo Karayib</p> <p>- Kiskeya</p> <p>- Le National</p> <p>- TVision 2000</p> <p>- RtGinen</p> <p>- RT Pacific</p> <p>- RTNH</p>	<p>Tout bagay byen pase. Envitasyon an te al jwenn medya yo epi yo te reponn.</p>	<p>Tout medya yo pat vini nan menm lè a. Sa te fè konferansye yo te reprann konferans lan plizyè fwa.</p>
<p>Konferans pou laprès nan Gonayiv. Mm Luna gourgue te sèl entèvenan.</p>	<p>-Radyo « La voix de l’Amerique »</p> <p>- Radyo lokal yo</p>	<p>Konferans pou laprès la te pase nan radyo lokal ak nan « La voix de l’Amérique ».</p>	
<p>Selebrasyon jounen entènasyonal Lang matènèl la.</p>	<p>RTNH</p>	<p>Jounen 21 fevriye a te jwenn kouvèti medyatik nan RTNH. Yo pase imaj yo nan RTNH lendi 22 ak madi 23 fevriye.</p> <p>DK a poste kèk imaj sou kont facebook AKA. Li pral sou sit wèb la tou.</p>	

**\*CLAC : Centre de lecture et d’animation culturelle**

**N.B : Direksyon Kominikasyon an ap mache nan tout radyo ak televizyon sa yo pou pran yon kopi emisyon AKA yo pou achiv .**

**Lis non ak fonksyon tout moun ki te patisipe pwogram Gonayiv la :**

<b>Ekip AKA</b>	<b>Fonksyon</b>	<b>Telefòn</b>
Madam Luna Gourgue	Sekretè Ekzekitif AKA	
Mesye Emmanuel Lafalaise	Teknisyen Kominikasyon AKA	
Madam Alberte P. Ambroise	Responsab Pwojè AKA	
Mesye Martineau Nelson	Direktè Syantifik	
Madam Derlie Celestin	Sekretè AKA	
Madam Rodline Chery	Sekretè AKA	
Mesye Herold Joseph	Enfòmatisyen / Enfografis AKA	
Mesye Frantz Francisque	Chofè AKA	
Mesye Voilis Lelièvre	Chofè AKA	
<b>Akademisyen</b>		
Mesye Pauris Jean-Baptiste	Prezidan Konsèy Administrasyon AKA	
Mesye Rogéda Dorcé Dorcil	Vis-Prezidan Konsèy Administrasyon AKA	
Mesye Pierre Michel Chery	Akademisyen	
Mesye Gerard Marie Tardieu	Akademisyen	
Madam Jocelyne Trouillot	Akademisyèn	

<b>Ekip Sipò nan Gonayiv</b>	<b>Fonksyon / Kote Moun nan Travay</b>	<b>Telefòn</b>
Dwayen Daniel Dupiton	Dwayen / Fakilte Dwa Gonayiv	
Madam Roseline Corvil	Direktris Kolèj Elim Gonayiv	
Mesye Maquès Michel	Direktè Alliance Francaise Gonayiv	
Pastè Ernest Ambo	Asosiyasyon Pwofesè Kreyòl Latibonit	
Mesye Brassier Juinor	Komisè / Komisarya Gonayiv (PNH)	
Mesye Yves Garcia Pierre	Direktyè / Lise Fabre Geffrard Gonayiv	
Mesye Djeno Latortue	Sipò Lojistik	
<b>Medya</b>		
Pierre André Charles John Herby Casséus	RTNH	

**RAPÒ ESPOZISYON LIV KREYÒL**

	<b>LÈ</b>	<b>SAMDI / LEKÒL DWA GONAYIV</b>	<b>KESYON PATISIPAN YO TE POZE</b>	<b>VIZITÈ</b>
<b>1</b>	11è20 nan maten 11è50 nan maten	Ekip Aka te ranje liv yo pou espozisyon an. Espozisyon Liv Kreyòl la koumanse.	1-Èske gen liv enfòmasyon an Kreyòl? 2- Èske AKA vann liv « Nou Tout Koupab » la?	<b>Anviwon 170</b>
<b>2</b>	4è15 nan apremidi	Pòz manje	3-Ki kote y ap jwenn diksyonè achte ?	
		<b>DIMANCH / LISE FABRE GEFFRARD</b>	4- Poukisa se Gonayiv AKA chwazi selebre Jounen Lang Matènèl la ?	
<b>4</b>	10è00 nan maten	Ekip Aka te ranje liv yo pou espozisyon an.	5-Ki estrateji Akademi an ap mete sou pye pou entegrasyon lang Kreyòl la nan tout lekòl yo ?	
<b>5</b>	10è 45 nan maten	Espozisyon Liv Kreyòl / Tab vant		
<b>6</b>	1è 30 nan apremidi	Espozisyon an fini,		



**Entèvansyon ki fèt nan medya yo soti 15 rive 21 fevriye 2016**

<b>Medya</b>	<b>Emisyon</b>	<b>Dat</b>	<b>Jounalis</b>	<b>Akademisye / entèvenan</b>
Majik 9	Panel Magic	Madi 15	Robenson Geffrard	Akad. Wilson Dorlus
RtGinen	Kalfou	Mèkredi 16 fevriye	Konpè Filo	Akad Pierre Michel Chéry M. Nelson Martineau
RTNH	« Invite du Jour »	Jedi 17 fevriye	Serginho LINDOR	Akad. Pauris Jean Baptiste Akad. Pierre Michel Chéry
Radyo Tele Kiskeya	« Solèy kiskeya »	Vandredi 18 fevriye	Marie Monique Jean Fils	Akad. Gerard Marie Tardieu
Tele Metwopòl	« Le Point »	Vandredi 18 fevriye	Wendell Théodore	Mm Adeline Chancy Mm Lucka Beauvil
<b>2 konferans pou laprès pou anonse aktivite yo</b>				
Gonayiv, 18 fevriye 2016, Meri Gonayiv, 1è00				
Pòtoprens, 19 fevriye 2016, Direksyon Nasyonl Liv, 11è00				

## **Konferans pou Laprès**

### **Mesay Akademi Kreyòl Ayisyen**

**nan okazyon selebrasyon jounen entènasyonal lang manman,**

**21 fevriye 2016**

Depi nan lane 1999, apre rekòmmandasyon UNESCO, Òganizasyon Nasyon Zini te adopte dat 21 fevriye a kòm Jounen Entènasyonal Lang matènèl, se tout pèp sou latè k ap selebre lang manman yo jou sa a, selon reyalyte kiltirèl yo. Se ideyal ki dèyè jou sa a ki pral pèmèt lemonn fòme yon lakansyèl kilti kote chak pèp pote grenn sèl pa li pou li konstwi lapè nan divèsite kiltirèl la.

Lang se youn nan premye mak fabrik yon pèp, se prensipal pwodui kiltirèl kote sitwayen yo kapab montre orijin yo ak atachman yo youn pou lòt nan kominote a. Depi kèk tan, anpil rechèch syantifik nan syans langaj pwouve enpòtans lang manman nan aprantisaj ak edikasyon timoun yo. Lang manman se prensipal lang ki ka ede timoun aprann nan lekòl; se pi gwo zouti ki pou pèmèt timoun yo fonn nan kilti yo san prejije, san wont men tou, k ap pèmèt yo pote kilti yo byen wo ak fyète, ak diyite.

Nan okazyon jounen entènasyonal lang manman an, Akademi Kreyòl Ayisyen an ap voye yon gwo kout chapo pou tout sektè nan peyi a ak tout mas popilasyon an ki ranmanse lang kreyòl la, lang manman nou, pou yo fè sosyete a vanse.

Jou ale jou vini, jounen jodi a, travay la ap kontinye nan devlopman mwayen teknolojik, nan devlopman konesans nan lang manman nou. Konsa, pwomosyon lang kreyòl, se pwomosyon kilti peyi nou, se pwomosyon konesans ak lasyans pou tout Ayisyen nan lang manman yo.

Lang manman nou se manman lang nou, an nou mete lang kreyòl la nan kè pwojè devlopman peyi a. Se nan sans sa a, Akademi Kreyòl Ayisyen chwazi selebre jounen entènasyonl lang manman an, nan lane 2016 la ak tèm:

**« *Lang nou se nou, pa gen sitwayen san lang !* »**

## Rapò finansye sibvansyon UNESCO

Dat	# Chèk	Deskripsyon	Benefisyè	Montan HTG	To	Ekivalan US	Kòmantè
29/02/2016	20	Dans ak tèks	Prod'Arts	30,000.00	60g	500.00	peye
29/02/2016	21	Bandwòl (Avans)	Prod'Arts	15,000.00	60g	250.00	Peye ak yon balans 83.33US
26/02/2016	22	Cho Tanbou	Atchasou	15,000.00	60g	250.00	peye
11/3/2016	23	Animasyon mizikal	Prod'Arts	50,000.00	60g	833.33	peye
11/3/2016	24	Dekorasyon, lojistik (avans)	Prod'Arts	53,000.00	60g	883.33	Peye ak yon balans \$200.00 US
11/3/2016	25	Bandwòl (Balans)	Prod'Arts	5,000.00	60g	83.33	pèman bal ans sou Bandwòl
11/3/2016	#276 Chèk goud sogebank	Dekorasyon, lojistik (balans)	Prod'Arts	12,000.00	60g	200	pèman balans sou dekorasyon \$200.00  Chèk ranbousman pou Madam GOURGUE
<b>Total</b>				<b>180,000.00</b>		<b>3,000.00</b>	
<b>Eta kont lan</b>	<b>Premye vèsman: \$1,000.00</b>	<b>Dezyèm vèsman: \$1,800.00</b>				<b>Balans twazyèm vèsman: \$200.00</b>	

DEPANS KI FÈT NAN KAD AKTIVITE SELEBRASYON LANG MAMMAN NAN VIL GONAYIV		
DETAY	KONT	MONTAN AN GOUD
Pèman otel pou anplwaye Akademi an	Fonksyònman / 280	87,120.00
Prim efikasite pou senk (5) anplwaye AKA	Prim / 140	16,500.00
Prim efikasite pou yon (1) kontraktyel AKA	Prim / 149	3,000.00
Prim efikasite pou yon anplwaye AKA	Prim / 140	3,000.00
Konstriksyon yon estann	Fonksyònman / 280	132,000.00
Pèman sistèm son ak limyè	Fonksyònman / 280	165,000.00
Konsomasyon gaz pou De (2) machinn yo	Fonksyònman / 280	8,000.00
Enpresyo 4 douzèm mayo ak 3 bandwòl	Fonksyònman / 280	63,525.00
Pè diyèm pou manm Akademisyen	Fonksyònman / 280	19,500.00
Fondasyon Odette R. Fombrun (FORF) Depans pou restorasyon manm AKA nan depasman Gonayiv nan kad preparasyon Selebrasyon Lang Manman an	Don FORF	10,000.00
Frè depasman pou De (2) jounalis RTNH	Don FORF	4,000.00
Acha gaz pou de (2) machin AKA ki te ale Gonaives	Don FORF	2,000.00
Prod'Art + Atchasou	UNESCO	180,000.00
<b>TOTAL</b>		<b>693,645.00</b>
<b>Detay finansman an</b>	<b>Montan an Goud</b>	
Depans ki fèt sou bidjè AKA	497,645.00	
Depans ki fèt sou kontribisyon ekstèn	<b>196.000.00</b>	